Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

12+ № 19 (9764) / 7 май 2018 с. / итни 21 Шаг1бан 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

# К1удияб Бергьенлъиял - 73 сон!




## Поздравляем!

**Уважаемые участники Великой Отечественной войны, вдовы погибших, труженики тыла, дети войны!**

**Вот и наступила еще одна годовщина Великой Победы! Этот праздник особенно дорог каждому из нас. Победа в Великой Отечественной войне потребовала от всего нашего народа огромного напряжения всех духовных и физических сил, а от вас - беспримерного героизма на фронте и самоотверженности в тылу. День Победы - это боль и слёзы радости, это- память сердец, которую бережно хранит каждая семья. Это то, что объединяет нас и делает непобедимыми перед лицом любых испытаний. Наши дети не забудут, внуки и правнуки будут гордиться вами, вы навечно останетесь в сердцах потомков.**

**Здоровья вам, счастья, благополучия, мирного неба и праздничного настроения!**

*Глава МР « Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ*
*Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ*

**Уважаемые казбековцы!**

От всего сердца я поздравляю вас с Днём Великой Победы, который подарил нам свободу и мир. В этот день мы выражаем глубокое уважение тем, которые приближали этот день как могли. Желаю всем крепкого здоровья, благополучия и счастья. *С праздником!*

*Депутат НС РД К.-п.(М.-п.) Д. УМАХАНОВ*

**Уважаемые земляки!**

Поздравляем вас с этим великим и радостным днём- с праздником Победы!

Гордитесь героями Родины и никогда не забывайте ветеранов, ведь благодаря им мы живём и трудимся. Пусть мы никогда не услышим свиста пуль и не увидим хмурых туч войны на небе. Здоровья, счастья и успехов вам всем.

*Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия» Д.Г. МАХАЧЕВ.*
*Руководитель исполкома местного отделения ВПП «Единая Россия» С. Г1.АЛТУМИРЗАЕВ.*

**Х1урматиял районцоял!**

73 сон т1убана К1удияб Ват1анияб рагъда Советияб халкъалъ Бергьенлъи босаралдаса. Рух1алда барахщинч1ого, агъана нилъер халкъ гурх1ел гьеч1ев тушманасде данде.

«Кинабго-фронталъе, кинабго-бергьенлъиялъе» абураб ах1иялда гъоркь, къаси-къад ч1еч1ого,к1вах1тун,х1алт1ана нилъер умумул. Гьеб рагъда нилъер халкъалъ бихьизабуна жиндир цолъи, гьудуллъи ва Ват1аналде бугеб рокьи. Нилъеда гьеб киданиги к1очене гьеч1о. Кьеги нуж т1олазего сахлъи,талих1,рохел. Камугеги нужер гьурмаздаса гьими,бук1аги нужеда т1ад даимаб ва ракълилаб зоб.

*Жамг1иял г1уц1абазе нухмалъулел.*

## Ват1аналъе г1оло, халкъалъе г1оло...


Х1асбула Х1асанов, Дилим росу

*Ват1аналъе г1оло,*
*халкъалъе г1оло,*
*Г1умру кьун, рагъарал*
*дир районцоял.*
*Ракълилаб гьаб дунял*
*бихьизе г1оло,*
*Ц1адулъ лъадарарал*
*нижер бах1арзал.*


Мух1амад Харсмух1амадов, Алмахъ росу

*Рагъул гъугъай къот1ун*
*сонал аниги,*
*Лъала, х1алхьи гьеч1о*
*нужер рак1азе.*
*Зах1матал дол нухал*
*нахъе таниги,*
*Толаро х1алада*
*рак1алдещвеяз.*


Г1абдурах1ман Мух1амадов, Ленинаул росу

*Нужер зах1маталъе,*
*къо х1еxьеялъе,*
*Ниж налъулал руго*
*нужее даим.*
*Зани хоб щвеч1езе*
*къулула бет1ер,*
*Къадру т1адег1анал,*
*рагъул бах1арзал.*

Наида РАСУЛОВА, Алмахъ росу

## Т1адкъаял т1ураялда хурхун,...



26 апрелалда районалъул администрациялда тIобитIана аппаратaлъул жавабиял хIалтIухъабаз тIадкъаял тIураялъул хIасилал гьарураб данделъи. ЛъагIалида жанир цо чанго нухалда тIоритIулел гьел данделъабазда хал гьабула тIадкъаял заманалда тIураялъул, нагагьлъун тIурачIого хутIарал ратани, лъазарула гьелъие ккарал гIиллаби ва гьел тIуразариялъе бихьизабула заман. Гьаб сон байбихьаралдаса районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевас кьураб 22 тIадкъаялъул бетIералде бахъинабун гьечIо лъабгояб. Гьезда тIадги аслияб хIалтIи гьабун буго. Данделъиялъул хIасил гьабулеб жиндирго кIалъаялда ХI.ХI. Мусаевас абуна: ***«ТIадкъаял заманалда тIурачIого хутIиялъе нилъеда рачIел гIиллабиги рукIуна,амма гьедин букIунинги абун, хIалтIи чIезе тезе бегьуларо. Заманалда хIалтIи лъугIунеб гьечIони, дида гьелъул хIакъикъат лъазабизе ккола, цадахъ ургъун, нилъеца гьеб цебе иналъе тадбирал гьарила. Заман инегIанги чIун, хIалтIи лъугIинчIин абулезул биценал дица къабул гьаризе гьечIо, ва гьел тамихIалде цIазе руго.***

***ТIаде щолел руго маялъул байрамал,архитектураялъул отделалъ хал гьабе росабазул,сипатал берцин гьариялъе т1орит1улел тадбиразул бакI-бакIазда лъурал баннерал(хъвай-хъвай гьабурал щитал) цIигьариялда тIадги хIалтIи гьабизе ккела»***,-ян.

*М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# Кӏудияб Бергьенлъиялъ - 73 сон!

*Щивго кIочон гьечIо*

## ВатIаналде тIаде къо ккараб мехалъ

**Хъахlал къункърабазул къари рагlингун,**
**Рагъда тlагlаразухъ бухlула керен.**
**Къокъаби ккун унел гьезухъ балагьун,**
**Пикрабалъ рещтlуна ракlалдещвеял**

*(Зиявдин Джамалдинов)*



Гуниялдаса Мирзал вас Гелегаги гьесул 5 васги рукlана кlвахlгьечlел, магlишат гьабизе лъалеб хъизан. Тухумги гьезул букlана кlудияб, кьибил гъваридаб. Ракlалда гьечlого, 4l соналъул 22 июналда, нилъер ВатIаналде тlаде кlанцlана фашистазулаб Германия. Байбихьана Кlудияб Ватlанияб рагъ.

Гуни росулъа Ватlан цlунизе ана l70 бихьинчи, гьезда гьоркьор рукlана Гелегал 4 васги 5 вацазул васалги. (l94l соналъ рагъде ана 38 сон барав Гlабдулманапги 29 сон барав Гlабдулбасирги). Вацал ккана батlи-батlиял фронтазде. Гlабдулманапил рукъор хутlана чlужу Саибат ва 2 лъимер (Сайбула ва Рабигlат). Хадусан гьел хlалтlана школалда мугlалимзабилъун. Гlабдулбасирилин абуни, росулъ хутlана лъади Ваибсат, гьезул лъимал рукlинчlо. Хадусан, l942 соналъ, Ватlан цlунизе ана Махlамадмансурги Гlабдулзагьирги. Махlамадмансурилги лъади Субайхlатилги букlана 6 лъимер, Гlабдулзагьирилин абуни, йикlана 2 сон барай яс Салмабика. Гьединго, гьел соназ Ватlан цlунизе ана Мирзал кlиабилев васасул 3 васги (Мухlамадхlабиб, Камиль, Камильсултан). l942 соналъ, Москва сверухъ рукlарал хlалуцарал рагъазулъ, Гlабдузагьир гlумруялдаса ватlалъана (гьеб ккана гьесул вацгlал Камилида цебе). Живго Камиль, араб бакl лъачlого, тlагlана. Гlабдулзагьир вукъараб бакl лъалеб букlинчlо 73 соналъ. Гьев вукъун вукlун вуго Московская областалъул, Можайский районалъул, Каменка абулеб росулъ вацлъиялъулаб хабалалъ. Гьесул вацасул (Расулил) яс Хlалимат (20l5 соналъул апрелалда) щвана имгlаласул хобалде. Гьелъ гьенибе босун букlана росулъа ракь ва лъим.

Захlматаб букlана Гелегал васазул къисмат. Гlабдулманапил рагъулаб нух халалъана l948 соналде щвезегlан. Гьесда дандчlвай гьабизе (Хасавюрталда) рахъана гуниязул гlезегlанго чи. Гьезда гьоркьор рукlана гьесул цо вугев вас Сайбулаги инсул вацгlаласул вас Каримудинги. Сайбула инсуда къочичlо, Каримудиница, гlодилаго, Гlабдулманапида абула: «Гlабдулманап, мун щай тlадвуссарав, дир эмен щай тlадвуссинчlев», -ан. Чан чиясдаха гьениб гьедин ракlалде ккечlеб? (Гуни росулъа 74 чи рагъдаса тlадвуссинчlо).

Мухlамадмансурги, Гlабдулбасирги, Гlабдулманапги рагъдаса тlадруссана ва колхозалда хlалтlулел рукlана. Гlабдулманап хеккого гlумруялдаса ватlалъана.

Расул, Гелегал бищун гьитlинав вас, хlалтlана Гуни росдал школалъул директорлъун, парткомалъул секретарьлъун, гьединго, гьев вукlана райкомалъул бюроялъул членлъунги. Рагъда вукlинчlониги, тушманасда тlад бергьенлъи босиялъулъ жиндирго бутlа лъуна Расулицаги. Гьес жигараб гlахьаллъи гьабуна дизертиралгун ва гъачагъалгун гьабулеб хlалтlулъ. Кодоб кинаб букlаниги ярагъги гьечlого ва гlумруялъе хlинкъи букlаниги, гьев дандчlвалаан рохьазда рахчаралгун, ва гьелгун гьабулаан бичlчlенкьеялъул хlалтlи. Ракlбацlцlад гьабураб хlалтlухъ, Расул цо чанго нухалда кlодо гьавуна Хlурматалъул грамотабаздалъун ва цогидалги шапакъатаздалъун.

Расулица ва лъади Саибатица, битlараб тарбия кьун, гlезаруна 7 яс. Гьеле, гьединаб букlана Гелегал хъизаналъул къисмат. Гелега ва гьесул 4 вас рукъун руго росдал хабалалъ.

*ХIалимат ГЕЛЕГАЕВА, Гуни росу.*

---

*Всем, пропавшим без вести на полях сражений Великой Отечественной войны посвящаю.*

## Я без вести не пропал

Я без вести не пропал,
В Лету времени не канул.
В сырую землю не ушел -
Отчизне долг лишь я вернул.

Когда я принял первый бой,
О жизни я совсем не думал,
Лишь вспомнил маму, дом родной,
И заслонил своею жизнью.

Стоял на подступах к Москве,
И видел - велика Россия,
Но отступать никак нельзя:
На нас надеялась страна.

На той войне нас было много,
Что пали жертвой во имя жизни,
Кого награды не нашли,
Чьи имена еще безвестны.

Мы шли вперед, навстречу смерти,
Удар мы взяли на себя.
На наше место другие встали,
И полк бессмертным оставался.

Все, кто остался на поле брани,
Славы и чести достойны вечной.
И не пропадет никто без вести,
Пока жива в народе Память.

*Б.Пирахмаева, с.Хубар.*

---

## Щивго к1очон гьеч1о,..

Ц1ех-рехалъул х1асилалда, загьирлъана Буртунай росулъа цоги к1иго Ват1анияб рагъул г1ахьалчиясул ц1арал. Гьел ккола:

1. Г1амиров Г1абдурах1ман Г1усманович - 1911 соналъ Буртунай росулъ гьавурав. Баг1араб Армиялде ах1ун вуго 1942 соналъул 11 маялда Казбек райвоенкоматалъ. Хъулухъ гьабун буго 989 «Баг1араб Байрахъ» орденалъул батальоналъул штабалда. (бухьен ч1езабулевлъун, т1оцебесеб Белоруссиялъул фронт, 61 армия, Варшавалъул корпус).

Мустах1икъавлъун рик1к1ун вуго «Ват1анияб рагъ» IIаб.-даражаялъул орденалъе. 1943 соналъул 30 сентябралда лъукъун вуго. (к1иго нухалда - 1943 соналъул 25 ноябралда ва 1945 соналъул 22 январалда контузиялде ккун вуго).

2. Г1умаров Мух1амад (Михаил) Къадиевич –1912 соналъ Буртунай росулъ гьавурав. Баг1араб Армиялде ах1ун вуго 1942 соналъ Казбек райвоенкоматалъ. Хъулухъ гьабун буго Дальневостокалъулгун Новгород-Северскиялъул, «Баг1араб Байрахъ» ва «Суворов» орденазул, 102 кьвагьдохъабазул дивизиялъул, 30-аб. полкалъул отделениялъул командирлъун. Мустах1икъавлъун рик1к1ун вуго II-аб. даражаялъул «Ват1анияб рагъ» орденалъе.

Т1адагьго лъукъун вуго - 1942 соналъул 8 январалда, 1943 соналъул 6 ноябралда, 1944 соналъул 20 марталда, 1945 соналъул 3 январалда, зах1матго–1942 соналъул 9 марталда.

***Наградной лист***

***Тов. Амиров работает на пункте сбора донесений при 89 стр.корпусе в качестве конника, дисциплинирован, с любовью относится к своему боевому другу коню, которого содержит всегда в отличной упитанности и боевой готовности.***

***В период боев между реками Одер и Эльба, тов.Амиров днем и ночью доставлял боевые документы на К.П. дивизий, а так же на К.П. командующего 89 С.К. аккуратно и своевременно, не взирая на то, что порой некоторые участки дороги интенсивно простреливались пулеметно-автоматным огнем противника. За кровь, пролитую в боях за свободу и независимость нашей Родины, за дисциплинированность и трудолюбие тов.Амиров достоин правительственной награды – ордена «Отечественная война II степени»***

***Командир 989 О «ОК» БС,***

***Майор \Романовский\ 13 май 1945г.***

***Наградной лист***

***Активный участник Отечественной войны с начала 1942 года.***

***Будучи наводчиком станкового пулемета, участвовал в боях под городом Харьков, действуя в составе 251 стрелкового полка 86 стрелковой дивизии. Участвовал в боях под городом Ленинград, будучи разведчиком 284 стрелкового полка 86 с.д..***

***В составе 3 армии, в должности командира пулеметного расчета, участвовал в боях под городом Витебак.***

***В должности помощника командира стрелкового взвода, в составе 647 с.п. 216 с.д., принимал активное участие в разгроме немцев в Восточной Пруссии. На фронтах Отечественной войны получил пять ранений, из них одно тяжелое. Достоин награждения орденом Отечественной войны II-степени.***

***Командир 30 стрелкового Хасанского полка,***

***Подполковник \Тлепков\ 17 апреля 1945г.***

*Д. ДИНАЕВ,*
*Калининаул росу*

---

## Солдатасул лъади

Рагъдаса вуссинчlев росасул лъади,
Кьалда эмен чlварай ясалъул эбел,
Рагъул гъугъай къотlун сонал аниги,
Досухъ бараб чlегlер жеги бахъичlей.

Захlмалъи къулчlизе къолден ретlарай,
Къварилъи баччизе рачел борчарай,
Жанисан рухlелаз юхlынаниги,
Лъиданиги гьеб хlал лъазе биччачlей.

Фронталъейилан ахlи барабго,
Цlадиразда лъуна дуца курхьаби.
Кинабго рагъуе, бергьенлъиялъе,
Лъуна посылкаби рагъухъабазе.

Гьале, лъугlана рагъ, къотlана гъугъай,
Гъаримал пикрабаз толей гьечlо мун.
Дов тlадвуссинилан, чlаго ватилин,
Рекlелъ бугеб хьулалъ хьихьун йиго мун.

***Субхlанат Хlасанова, Гъозтала росу.***

# ВЕЛИКОЙ ПОБЕДЕ–73 ГОДА!

## Антитеррористическая комиссия извещает…

Последние сведения ликвидации членов незаконных вооруженных формирований, произошедшие в Дербентском районе 21 и 24 апреля текущего года свидетельствуют о сохраняющейся актуальности угроз от международных террористических организаций, главарями МТО продолжают предприниматься попытки распространения террористической активности на территории Республики Дагестан, в частности, с использованием террористов-боевиков, приникающих в РФ по каналам миграции, а также через российских граждан, принимавших участие в вооруженных конфликтах за рубежом, в целях совершения терактов на объектах спорта, транспортной инфраструктуры и в местах массового пребывания людей. Материалы расследуемых уголовных дел по статьям террористической направленности свидетельствуют о том, что члены МТО, проникающие на территорию РФ, как правило, снимают в наем (поднаем) жилые помещения, население оказывают пособничество бандформированиям.

Учитывая изложенное, предлагаем населению района информацию, разъясняющий последствия (меры ответственности) несоблюдения требований законодательства при сдаче жилых помещений в наем (аренду) и бесконтрольное пребывание в них посторонних лиц, а также меры наказания за пособничество членам НВФ.

**КОДЕКС РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Статья 205.1. Содействие террористической деятельности**

3. Пособничество в совершении хотя бы одного из преступлений, предусмотренных статьей 205, частью третьей статьи 206, частью первой

статьи 208 настоящего Кодекса, — наказывается лишением свободы на срок от десяти до двадцати лет.

**Примечание:** 1.1. Под пособничеством в настоящей статье понимаются умышленное содействие совершению преступления советами, указаниями, предоставлением информации, средств или орудий совершения преступления либо устранением препятствий к его совершению, а также обещание скрыть преступника, средства или орудия совершения преступления, следы преступления либо предметы, добытые преступным путем, а равно обещание приобрести или сбыть такие предметы.

**КОДЕКС РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ ОБ АДМИНИСТРАТИВНЫХ ПРАВОНАРУШЕНИЯХ**

**Статья 18.9. Нарушение правил пребывания в Российской Федерации иностранных граждан и лиц без гражданства**

3. Предоставление жилого помещения или транспортного средства либо оказание иных услуг иностранному гражданину или лицу без гражданства, находящимся в Российской Федерации с нарушением установленного порядка или правил транзитного проезда через ее территорию:

- влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от двух тысяч до пяти тысяч рублей; на должностных лиц - от тридцати пяти тысяч до пятидесяти тысяч рублей; на юридических лиц - от четырехсот тысяч до пятисот тысяч рублей.

## Прокуратура сообщает…

### *ПО МАТЕРИАЛАМ ПРОВЕРКИ ПРОКУРАТУРЫ КАЗБЕКОВС КОГО РАЙОНА ВОЗБУЖДЕНО УГОЛОВНОЕ ДЕЛО О МОШЕННИЧЕСТВЕ В КРУПНОМ РАЗМЕРЕ*

Прокуратура Казбековского района провела проверку исполнения Федерального закона от 24.11.1995 N 181-ФЗ **«О социальной защите инвалидов в Российской Федерации».**

Установлено, что в период времени с 15 сентября по 06 октября 2015 года Г.М. в с. Дылым Казбековского района имея умысел на хищение бюджетных средств, действуя от имени своей дочери главы КФХ заключила договор с Центром занятости населения в Казбековском районе о содействии трудоустройству незанятых инвалидов на оборудование (оснащение) для них рабочих мест, путем представления в ЦЗН поддельных накладных и квитанций о приобретении оборудования, не соответствующего требованиям по оснащению рабочего места незанятых инвалидов без фактического и юридического принятия инвалидов на работу мошенническим путем получила на расчетный счет КФХ денежные средства на сумму 436140 рублей. После поступления указанные денежные средства были сняты со счета главой КФХ и переданы матери Г.М., которая похитила их, чем причинила ущерб ЦЗН в крупном размере.

Материалы проверки по данному факту прокуратура направила в следственный орган для решения вопроса об уголовном преследовании.

По результатам их рассмотрения возбуждено уголовное дело по ч. 3 от. 159 УК РФ (мошенничество), ведется следствие.

### ПО ИНИЦИАТИВЕ ПРОКУРАТУРЫ КАЗБЕКОВСКОГО РАЙОНА В МКОУ «ДЫЛЫМСКИЙ МНОГОПРОФИЛЬНЫЙ ЛИЦЕЙ ИМ. И.ГАДЖИЕВА» ПРОВЕДЕН СЕМИНАР-СОВЕЩАНИЕ ПО ВОПРОСАМ ПРОФИЛАКТИКИ ПРАВОНАРУШЕНИЙ И ПРЕСТУПЛЕНИЙ, СОВЕРШАЕМЫХ НЕСОВЕРШЕННОЛЕТНИМИ

Прокуратурой Казбековского района во исполнение решения оперативного совещания у прокурора Казбековского района по обсуждению причин роста преступности совершенных несовершеннолетними за 1 квартал 2018 года в сравнении с аналогичным периодом прошлого года в муниципальном казенном образовательном учреждении **«Дылымский многопрофильный лицей им. И.Гаджиева»** проведен семинар-совещание, на котором заместитель прокурора района разъяснил работникам образовательного учреждения требования Федерального закона от 24.06.1999 N 120-ФЗ **«Об основах системы профилактики безнадзорности и правонарушений несовершеннолетних».**

В ходе встречи особое внимание учащихся обращалось на недопустимость преступных проявлений и об уголовной ответственности за совершение преступлений, а также возрасте, с которого начинается уголовная ответственность. Кроме того, были разъяснены и другие виды юридической ответственности.

В завершение семинар-совещания заместитель прокурора района ответил на интересующие работников и учеников образовательного учреждения вопросы, поделился с ними имеющимися нормативно-правовыми документами, методическими, информационно-аналитическими материалами в этой сфере.

*М.М.ХАЛИЛОВ,*
*прокурор района, старший советник юстиции.*

## РАСПОРЯЖЕНИЕ

*09 04.2018 г. № 99*

**О проведении паспортизации ведомственных архивов**

В соответствии с **«Регламентом государственного учета документов Архивного фонда РФ»,** утвержденного приказом Федеральной архивной службы России от 11.03.1997 года № 11, организации – источников комплектования государственных, районных и городских архивов с целью централизованного государственного учета документов Архивного фонда РД один раз в три года проводится паспортизация ведомственных архивов и с целью обеспечения контроля и их сохранности администрация МР **«Казбековский район».**

Согласно, плана архивного отдела утвержденный главой администрации МР **«Казбековский район»** и согласованный с Управлением по делам архивов Министерства юстиции РД начальнику архивного отдела провести паспортизацию ведомственных архивов и проверку состояния делопроизводства организаций - источников комплектования Архивного фонда РД по графику. (График прилагается)

Руководителям организаций, учреждений оставить и представить в архивный отдел паспорт архива на 1.12. отчетного года в двух экземплярах. (Бланк паспорта прилагается)

Начальнику - архивного отдел администрации оказать необходимую помощь в составлении паспорта архива.

Начальнику архивного отдела на основании представленных ведомственными архивами паспортов и после проверки и уточнения составить отчет о состоянии ведомственных архивов и о состоянии делопроизводства.

Контроль за исполнением данного постановления возложить на заместителя главы МР **«Казбековский район»** Шабазова И.И.

*И.о. главы И.И. ШАБАЗОВ.*

Приложение
к распоряжению администрации
муниципального района
«Казбековский район»
№99 09.04. 2018 г.

## ГРАФИК

***Проведения проверок в ведомственных архивов организаций источников-комплектования Архивного фонда и состоянии делопроизводства***

| № п/п | Наименование учреждений | Срок проведения | Ответственные |
|---|---|---|---|
| 1 | Мировой суд судебный участок № 56 | май 2018 | |
| 2 | Мировой суд судебный участок №116 | | |
| 3 | Финансовое Управление | | |
| 4 | Управление сельского хозяйства | | |
| 5 | ГУП «Дылымское» | | |
| 6 | СПК «Дружба» | | |
| 7 | Казбековское лесничество | | |
| 8 | Ассоциация фермерско-крестьянских хозяйств | | |
| 11 | Дылымский многопрофильный лицей | | |
| 12 | Отдел по управлению муниципальным имуществом | | |
| 13 | Районное Собрание депутатов | Июнь-июль 2018 г. | |
| 14 | Администрация МО «Казбековский район» | | |
| 15 | Администрация МО «с.Дылым» | | |
| 16 | Администрация МО «с.Ленинаул» | | |
| 17 | Администрация МО «с.К-аул» | | |
| 18 | Администрация МО «с.Буртунай» | | |
| 19 | Администрация МО «с.Алмак» | | |
| 20 | Администрация МО «с/с Артлухский» | | |
| 21 | Администрация МО «с.Гуни» | | |
| 22 | Администрация МО «с.Гертма» | | |
| 23 | Администрация МО «с/с.Хубарский» | | |
| 24 | Администрация МО « с.Инчха» | | |
| 25 | Администрация МО «с.Гостала» | | |
| 26 | Администрация МО «п.Дубки» | | |
| 27 | ДУП «Дагтехинвентаризация» | | |
| 28 | Редакция райгазеты«Чапар» | Июль 2018г. | |
| 30 | Управление образования | | |
| 31 | ДЮСШ | | |
| 32 | Управление культуры | | |
| 33 | Отдел экономики, планирования, туризма и оргвопросам | | |
| 34 | Школа искусства | | |
| 35 | ГКУ -Центральная районная больница | Август 2018 г. | |
| 36 | Комитет по ФК, спорту и делам молодежи | | |
| 37 | УСЗН | | |
| 38 | Центр занятости населения | | |
| 39 | Территориальная избирательная комиссия | | |

*А.БАЗАЕВ,*
*руководитель аппарата администрации МР «Казбековский район».*

# ВЕЛИКОЙ ПОБЕДЕ–73 ГОДА!

## Разъяснения

***гражданам о полномочиях нарядов патрульно-постовой службы полиции ОВД в сфере обеспечения безопасности дорожного движения.***

В соответствии с частью 4 статьи 28.3 КоАП РФ Перечень должностных лиц, имеющих право составлять протоколы об административных правонарушениях, устанавливается уполномоченными федеральными органами исполнительной власти в соответствии с задачами и функциями, возложенными на указанные органы федеральным законодательством.

В целях реализации данной нормы, издан приказ МВД России от 30 августа 2017г. № 685 «**О должностных лицах системы Министерства внутренних дел Российской Федерации, уполномоченных составлять протоколы об административных правонарушениях и осуществлять административное задержание».**

На полицию возложена обязанность пресекать административные правонарушения и осуществлять производство по делам об административных правонарушениях, отнесенных законодательством об административных правонарушениях к подведомственности полиции (пункт 11 части 1 статьи 12 Федерального закона от 7 февраля 2011г. №3- ФЗ «**О полиции».**

Полиции для выполнения возложенных на нее обязанностей предоставлено право составлять протоколы об административных правонарушениях, собирать доказательства, применять меры обеспечения производства по делам об административных правонарушениях, применять иные меры, предусмотренные законодательством об административных правонарушениях (пункт 8 части 1 статьи 13 Федерального закона от 7 февраля 2011 года № 3-ФЗ «**О полиции»).**

Также полиция имеет право задерживать лиц, в отношении которых ведется производство по делам об административных правонарушениях, — по основаниям, в порядке и на срок, которые предусмотрены законодательством об административных правонарушениях (пункт 5 части 2 статьи 14 Федерального закона от 7 февраля 2011г. №3 - ФЗ «**О полиции»).**

Данным Приказом определены должностные лица МВД России, имеющие право с учетом осуществляемых полномочий:

-осуществлять административное задержание, правом которым наделены должностные лица, перечисленные в пункте 1 Перечня, указанного в пункте 1 Приказа. К ним относятся сотрудники подразделений участковых уполномоченных полиции и по делам несовершеннолетних, строевых подразделений дорожно-патрульной службы ГИБДД, ***строевых подразделений патрульно-постовой службы полиции,*** строевых подразделений охраны и конвоирования подозреваемых и обвиняемых, подразделений по вопросам миграции и другие.

В соответствии с требованиями приказов МВД России от 29 января 2008г. № 80 и от 23 августа 2017 года № 664, сотрудники подразделений ППСП на постах и маршрутах патрулирования имеют право осуществлять в пределах зон ответственности:

-останавливать транспортные средства, проверять документы на право пользования и управления ими, документы на транспортные средства и перевозимые грузы, наличие страхового полиса обязательного страхования гражданской ответственности владельца транспортного средства или распечатанной на бумажном носителе информации о заключении договора обязательного страхования гражданской ответственности владельца транспортного средства в виде электронного документа;

-осуществлять с участием водителей или граждан, сопровождающих грузы, осмотр транспортных средств и грузов при подозрении, что они используются в противоправных целях, с составлением соответствующего акта; задерживать транспортные средства, находящиеся в розыске;

-временно ограничивать или запрещать дорожное движение, изменять организацию движения на отдельных участках дорог при проведении публичных и массовых мероприятий и в иных случаях в целях создания необходимых условий для безопасного движения транспортных средств и пешеходов либо если пользование транспортными средствами угрожает безопасности дорожного движения; временно ограничивать или запрещать дорожное движение на железнодорожных переездах, не отвечающих правилам их содержания в безопасном для дорожного движения состоянии;

-пресекать административные правонарушения и осуществлять производство по делам об административных правонарушениях в области безопасности дорожного движения, отнесенных законодательством об административных правонарушениях к подведомственности полиции;

-составлять протоколы об административных правонарушениях, собирать доказательства, применять меры обеспечения производства по делам об административных правонарушениях, применять иные меры в области безопасности дорожного движения, предусмотренные законодательством об административных правонарушениях.

**Согласно пункту 2.1 Правил дорожного движения Российской Федерации, утвержденных Постановлением Правительства Российской Федерации от 10.09.2016г. № 904, водитель механического транспортного средства обязан:**

2.1.1. Иметь при себе и по требованию сотрудников полиции передавать им для проверки:

-водительское удостоверение или временное разрешение на право управления транспортным средством соответствующей категории или подкатегории;

в установленных случаях разрешение на осуществление деятельности по перевозке пассажиров и багажа легковым такси, путевой лист, лицензионную карточку и документы на перевозимый груз, а при перевозке крупногабаритных, тяжеловесных и опасных грузов - документы, предусмотренные правилами перевозки этих грузов;

-документ, подтверждающий факт установления инвалидности, в случае управления транспортным средством, на котором установлен опознавательный знак «**Инвалид»;**

страховой полис обязательного страхования гражданской ответственности владельца транспортного средства в случаях, когда обязанность по страхованию своей гражданской ответственности установлена федеральным законом;

-при движении на транспортном средстве, оборудованном ремнями безопасности, быть пристегнутым и не перевозить пассажиров, не пристегнутых ремнями. При управлении мотоциклом быть в застегнутом мотошлеме и не перевозить пассажиров без застегнутого мотошлема.

**Убедительная просьба к водителям!**

***С пониманием относитесь к законным требованиям сотрудников полиции при осуществлении ими предоставленных законодательством полномочий в сфере обеспечения безопасности дорожного движения.***

*ОМВД России по Казбековскому району.*

## ОМВД разъясняет…

***Статья 14.17.1. Незаконная розничная продажа алкогольной и спиртосодержащей пищевой продукции физическими лицами***

***(введена Федеральным законом от 29.07.2017 N 265-ФЗ)***

1. Розничная продажа алкогольной и спиртосодержащей пищевой продукции физическим лицом (за исключением физического лица, состоящего в трудовых отношениях с организацией, имеющей лицензию на розничную продажу алкогольной продукции, либо с организацией, не имеющей лицензии на розничную продажу алкогольной продукции, либо с лицом, осуществляющим предпринимательскую деятельность без образования юридического лица (индивидуальным предпринимателем), осуществляющим розничную продажу пива и пивных напитков, сидра, пуаре, медовухи, либо с сельскохозяйственным товаропроизводителем (индивидуальным предпринимателем, крестьянским (фермерским) хозяйством), признаваемым таковым в соответствии с Федеральным законом от 29 декабря 2006 года N 264-ФЗ **"О развитии сельского хозяйства"** и осуществляющим розничную продажу произведенных им вина, игристого вина (шампанского), и непосредственно осуществляющего реализацию алкогольной и спиртосодержащей продукции по договору розничной купли-продажи), если это действие не содержит уголовно наказуемого деяния, -

влечет наложение административного штрафа в размере от тридцати тысяч до пятидесяти тысяч рублей с конфискацией алкогольной и спиртосодержащей продукции.

2. Незаконная розничная продажа алкогольной и спиртосодержащей пищевой продукции лицом, осуществляющим предпринимательскую деятельность без образования юридического лица (индивидуальным предпринимателем), либо сельскохозяйственным товаропроизводителем (индивидуальным предпринимателем, крестьянским (фермерским) хозяйством), признаваемым таковым в соответствии с Федеральным законом от 29 декабря 2006 года N 264-ФЗ **"О развитии сельского хозяйства"** (за исключением розничной продажи пива и пивных напитков, сидра, пуаре, медовухи, осуществляемой индивидуальным предпринимателем, либо розничной продажи произведенного сельскохозяйственным товаропроизводителем вина, игристого вина (шампанского), если это действие не содержит уголовно наказуемого деяния, -

влечет наложение административного штрафа в размере от ста тысяч до двухсот тысяч рублей с конфискацией алкогольной и спиртосодержащей продукции.

***Статья 14.17.2. Незаконное перемещение физическими лицами алкогольной продукции***

***(введена Федеральным законом от 29.07.2017 N 278-ФЗ)***

Перемещение по территории Российской Федерации алкогольной продукции, немаркированной в соответствии с законодательством о государственном регулировании производства и оборота этилового спирта, алкогольной и спиртосодержащей продукции и об ограничении потребления (распития) алкогольной продукции, в том числе продукции, являющейся товаром Евразийского экономического союза, за исключением перемещения указанной алкогольной продукции по территории Российской Федерации физическими лицами в объеме не более 10 литров на одного человека, -

влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от трех тысяч до пяти тысяч рублей с конфискацией продукции, явившейся предметом административного правонарушения.

***М.А.ЗУБАЙРИЕВ,***
***Инспектор по ИАЗ ОМВД России по Казбековскому району, лейтенант полиции.***

## Узнай о своих долгах…

Сотрудники Управления Федеральной службы судебных приставов России по Республике Дагестан проводят акцию **"Узнай о своих долгах".**

Акция проводится в целях популяризации электронного сервиса «**Банк данных исполнительных производств»** и иных онлайн-сервисов Федеральной службы судебных приставов.

В рамках указанной акции Управление Федеральной службы судебных приставов по Республике Дагестан рекомендует гражданам периодически посещать Банк данных исполнительных производств на сайте Управления **r05.fssprus.ru**, с помощью которого можно не только своевременно узнавать о возбужденных в отношении вас исполнительных производствах и погашать долги в срок для добровольного исполнения, но и проверять информацию о контрагентах перед заключением кредитных договоров, коммерческих контрактов и любых гражданско-правовых сделок.

Также можно узнать о своих долгах с помощью мобильного приложения «**ФССП России».** Для установки бесплатного мобильного приложения необходимо зайти со своего мобильного устройства в AppStore, Play Market или Windows Phone (в зависимости от Вашего устройства) и набрать в поисковике ФССП России.

***М.З.САДЫКОВ,***
***и.о. начальника отдела.***

# К1удияб Бергьенлъиялъ - 73 сон!

## Бах1арзазул ц1арал к1очене гьеч1о




26 апрелалда Дилим росдал №3 « Къункъра» лъималазул ахалда тIобитIараб данделъи хурхинабун букIана террористазул квердасан хварал Дилим росулъа МахIмуд Салимгереев ва цогидалги гIолилал ракIалде щвезариялда.

Гьенире гIахьаллъана-районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал: И.И.Шабазов, И.Б.Салимханов, **«Цогояб Россия»** партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул политсоветалъе нухмалъулев С.ХI. Алтумирзаев, МахIмуд Салимгереевасул эбел-эмен ( Мурад ва Марьям) МахIмудил рукIарал гьалмагъзаби,полициялъулал, районалъул лъималазул ахазе нухмалъулел ва цогидалги гIуцIабазул хIалтIухъаби.

Районалъул бахIарзазул хIакъалъулъ лъикIал рагIабигун кIалъазе рахъана- И.Б. Салимханов, И.И. Шабазов, С.ХI. Алтумирзаев, М. ЛатIипова, МахIмудил гьалмагъзаби ва гIемерал цогидалги.

Гьезул к1алъаяз к1очонареб асар гьабуна данделъаразул рак1азе.

***«Жакъа гьел районалъул бахIарзазул цIаралги гьезул ишалги гIун бачIунеб гIелалда лъазаризе тIадаб буго чIахIиязда. Гьеб буго лъималазе ВатIан бокьиялъе, рекъел цIуниялъе кьолеб тарбия.»,***- ян абураб пикру загьирлъулеб бук1ана гьезул к1алъаязулъ.

ГIемерал соназ, ракI бацIцIадго гьабураб хIалтIиялъе г1оло, **«Цогояб Россия»** партиялъул бак1алда бугеб отделениялъул политсоветалъул рахъалдасан, С. Алтумирзаевас Сайгибат ГIумарова к1одо гьаюна ХIурматалъул грамотаялдалъун.

Данделъиялъул гIахьалчагIазе лъималазул ахалъул коллективалъ х1адур гьабун бугоан г1ат1идаб концерталъулаб программа.

*ХI. КАРИМОВА.*

## Гъозтала росдал библиотекаялда...




Дагьал церег1ан къояз Гъозтала росдал библиотекаялда т1обит1араб «Чапар» газеталъул редакциялъул х1алт1ухъабазулгуниседб дандч1ваялда г1ахьаллъана-Гъозтала росдал медпункталъул, администрациялъул, культураялъул х1алт1ухъаби, жамг1иял г1уц1абазул председателал ва росдал интеллигенциялъул вакилзаби.

**«Чапар-кидаго нилъгун»** абураб темаялда, росдал библиотекаялъул заведующая Салих1ат Г1амировалъ т1обит1араб данделъиялда, к1алъазе вахъана **«Чапар»** газеталъул бет1ерав редактор Мухтар Чупалаев, Гъозтала росдал харабазул Советалъул председатель Нуцалхан Султанов, редакциялъул жавабияв секретарь М-шарип Г1абдулашимов ва библиотекаялъул заведующая Салих1ат Г1амирова.




Гьеб данделъиялда, харабазул Советалъ араб 2017 соналъ гьабураб рак1бац1ц1адаб х1алт1ухъ, районалъул бет1ерасда цебе г1уц1араб харабазул Советалъул ва «Чапар» газеталъул редакциялъул рахъаздасан х1урматалъул грамотаби кьуна Нуцалхан Султановасе ва штаталда гьеч1ев мухбир Ниязбег Султановасе.

Гьеб рохалилаб тадбиралде г1ахьаллъаразелъик1аб асар гьабуна 6 классалъул ц1алдохъан Муса Хасаевас ах1араб **«Имам Шамил»** абураб кеч1алъ.

*Асият Сурхаева, Гъозтала росу*

## Зах1малъабазе къуркьич1ев




**Асадула Мусаевич Къурамух1амадов** гьавун вуго 1938 соналъ Лъарат1а районалъул Гойдиш росулъ. Гьесда инсул гьумер лъалеб гьеч1оан, к1удияв вацасул раг1абазда рекъон, маг1ардаса росулъе вач1унев гьев, хехаб унтиги т1адч1ван, г1умруялдаса ват1алъун вуго. Гьезул хъизаналда рук1ун руго к1иго васги к1иго ясги. 1944 соналъ,чачанал высылкаялде рит1ун хадуб,гьел гочинарула Ведено росулъе. Гьенир,къокъаб заманалда жанир, г1умруялдаса рат1алъула эбелги к1ияйго яцги. Т1убанго бесдаллъула гьевги вацги. Абизе бегьула гьезда лъимерлъи бихьич1илан, къисматалъул сог1ал сухъмахъаз гьел т1амуна гьит1инго к1одолъизе, бихьула ракъи, рат1ликълъи. Эбел-эмен гьеч1ого хут1арал вацал ккола Веденоялъул лъималазул рукъоре(детский дом). 1949 соналъ гьеб къала ва гьенир рук1арал рит1ула Ленинаулалъул лъималазул рукъоре. Асадулал 8 класс гьениб лъуг1уна, цинги гьел Хасавюрталде гочинарула. Анц1го класс лъуг1арав А. Мусаевич, директорасул гьариялда рекъон, цо соналъ гьенивго тарбиячилъун х1алт1ула. Гьелдаса хадув гьев уна Каспийск шагьаралде ва х1алт1изе лъугьуна заводалде. Гьенив Асадула вук1уна общежитиялъул политруклъун(тарбиячилъун). Х1алт1и гьоркьоб къот1изе теч1ого, гьев ц1ализе лъугьуна(заочно) ДГУялъул тарихалъул факультеталде. 1966 соналъ, хъизангун цадахъ, А. Къурамух1амадов гочуна Ленинаул росулъе ва байбихьана живго ц1алулев вук1араб школалда муг1алимлъун х1алт1изе.

1972 соналъ гьесул хъизан гочана Калининаул росулъе ва жакъаги гьениб яшав гьабун буго.

Нижер росулъе вач1аралдаса лъала дида Асадула Мусаевич(гьесул лъади ккола дир росуцояй Пирах1маева Муслимат). Цо-цо чи вук1уна вихьаравго рек1ее г1олев. Гьединазул цоявлъун ккола А.Къурамух1амадовги. Рак1рагьарав, лъай бугев, кидаго х1алае вахъине х1адурав гьев, вач1инахъего, къабул гьавуна школалъул муг1алимзабазул, лъималазул коллективаз, росдал жамаг1аталъ. Бат1и-бат1ияб махщел Аллагьас жиндие кьурав Асадулаца (краскаялъ,тушалъ хъвадаризе, суратал рахъизе ва гь.ц.) жигараб г1ахьаллъи гьабулаан школалъул (жанисанги къват1исанги) «гьумер» берцин гьабиялъулъ, байрамазде,ц1ияб ц1алул соналде х1адурлъиялъулъ. Лъай кьеялъе гьес х1алт1изарулаан ц1иял, бат1и-бат1иял къаг1идаби, дарсазде х1адурулаан баянлъи кьолел плакатал, диаграммаби ва гь.ц.

Гьединго, гьес къач1араб тарихалъул кабинет бук1ана, районалъул гьединал кабинетазда гьоркьоб, бищунго лъик1азул цояблъун. Асадулаца бет1ерлъи гьабизе байбихьаралдаса,т1убанго хисана школалъул музей. Гьес гьенир х1адурана бат1и-бат1иял бук1онал (умумузул тарих, г1агараб ракь лъазаби,рагъул бах1арзал ва гь.ц.). Х1алт1уда цадахъго, А. Мусаевичас т1уразарулаан цо чанго жамг1иял т1адкъаялги. Гьес киданиги инкар гьабулароан кумек гьарун вач1арасе гьеб гьабизе. Г1исиназулгунги ч1ах1иязулгунги раг1и рекъезабун бажарулев, г1енеккизе ва г1акълу дандбазе х1адурав, кьураб раг1уе хилиплъуларев Асадулал к1удияб къимат буго росдал жамаг1аталда гьоркьоб.

Рак1бац1ц1ад,бажарун ва махщалида жинда божилъи гьабураб х1алт1и гьес гьабулеб бук1араблъиялъул нуг1заллъун ккола А. Къурамух1амадовасе щварал шапакъатал.

Гьесие кьуна ***«РСФСРалъул Халкъияб лъайкьеялъул отличник», «Ветеран труда» ц1арал, «Лъайкьеялъул г1елмуялъул х1урматияв х1алт1ухъан»*** каранда балеб г1аламат, КПССалъул обкомалъул,лъайкьеялъул министерствоялъул Х1урматалъул грамотаби, райОНОялъул,школалъул дирекциялъул г1емерал бат1и-бат1иял шапакъатал.

Гьес бет1ерлъи гьабулеб бук1араб школалъул музеялъ цо чанго нухалда ккуна, районалъул даражаялда, призалъулал бак1ал.

К1удияб бергьенлъиялъ 70 сон т1убаялда хурхун т1обит1араб республикаялъулаб конкурсалда, гьеб музеялъе щвана т1оцебесеб бак1.

2016 соналъ, сахлъигьеч1олъиялде балагьун, А.М. Къурамух1амадов х1алхьиялде ана. Гьедин бугониги,камуларо гьев жамаг1аталда гьоркьоса.

Гьес ва лъади Муслиматица,лъик1аб тарбия кьун,г1умрудул нухда рег1ана цо васги к1иго ясги, гьел жиде-жидер яшавалда руго. 20 апрелалда гьев лъик1ав, ях1-намус ц1ик1к1арав инсанасул т1убана 80 сон.

Бокьун буго, «Чапар» газета гьокьобккун, А.М. Къурамух1амадовасда баркизе юбилей,гьаризе гьесие щулияб сахлъи, рохел, талих1 ва гьабулеб ишалъулъ бит1ккей.

*Саг1ид РАСУЛОВ, Калининаул росу.*

# К1удияб Бергьенлъиялъ - 73 сон!

## Щивго к1очон гьеч1о,..

*(Байбихьи - араб соналъул 35,36,37,38, 39, 40, 41,42,43,44,45,46, 47,48,49,50,51 ва гьаб соналъул 1, 2-3, 18 номеразда).*

## ХIурматиял районцоял!

***«ВатIаналъул солдатал», «РакIалдещвеял» тIахьазда рехсон руго, 1938 -1945 соназ БагIараб Армиялдеги ун, гьенир ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразул цIарал.***

***Г1аркьухъ росулъа рагъухъабазул ц1арал.***

1. Айгунов Магомед Айгунович
2. Алиев Ахмед Алиевич
3. Алисултанов Гасан Алисултанович
4. Алиханов Абдулхапих Алиханович
5. Асадулаев Мухтар Асадулаевич
6. Асхабов Муртазали Асхабович
7. Батыров Вали Батырович
8. Алиханов Юнус Рамазанович
9. Будунов Зайнудин будунович
10. Гаджиев Гасан Гаджиевич
11. Гаджиев Насродин Гаджиевич
12. Газиев Магомедпазил Курбанович
13. Газихмаев Ахмед Газимагомедович
14. Зубаиров Магомед Зубаирович
15. Карагищиев Назирбег Карагищиевич
16. Курбанов Гаджияв Гасанович
17. Магомедгаджиев Анарбег Нурмагомедович
18. Магомедов Карагиши Аличович
19. Мухумаев Магомед Мухумаевич
20. Мухумаев Хадис Мухумаевич
21. Назиров Амирали Амиралиевич
22. Омаров Али Омарович
23. Раджабов Магомедсултан Раджабович
24. Салманов Гаджи Магомедович
25. Султанбегов Муслав Султанбегович
26. Хайбулаев Магомед Эсенбулатович
27. Султанмурадов Абдулмуталиб Османович
28. Чалабиев Алидада Чалабиевич
29. Шуайпов Гамза Шуайпович
30. Юсупов магомед Юсупович
31. Абасов Гамзат Абасович
32. Абусов Магомед Абусович
33. Айгунов Гайирбег Айгунович
34. Алиев Магомед Алиевич
35. Амиралиев Абдула Амиралиевич
36. Асхабов Лабазан Асхабович
37. Гаджиев Гаджимурад Гаджиевич
38. Гаджиев Чалаби Гаджиевич
39. Госенов Абдулгамид Госенович
40. Зубайиров Каралав Зубайирович
41. Ильясов Гасан Ильясович
42. Магомедгазиев Саидбег Нурмагомедович
43. Магомедов Абдулгамид Абдулгамидович
44. Магомедов Абдурахим Магомедович
45. Магомедов Дадагиши Мухумаевич
46. Магомедов Хайрула Мухумаевич
47. Салихов Абдула Салихович
48. Салманов Зайид Салманович
49. Уцумиев Камалодин Уцумиевич
50. Уцумиев Алич Уцумиевич
51. Чалабиев Магомед Чалабиевич
52. Шамхалов Гаджи Шамхалович
53. Шуайпов Магомед Шуайпович
54. Юсупов Аминдибир Юсупович
55. Омаров Муса Омарович
56. Госенов Омар Госенович

***ОРГКОМИТЕТ***

## Спорт-инсанасул сахлъи

# «Дагъистаналъул их» къецазда...



22 апрелалда ЦIияб ЧIикIаб (Гъизилюрт район) тIоритIана, «Дагъистаналъул их» абураб цIаралда гьоркь, спорталъул къецал. Росдал администрациялъулгун гIолилазул ва диниял церехъабазул хIаракатчилъиялда тIоритIарал гьел къецазда гIахьаллъана республикаялъул росабалъагун шагьараздаса 50-ялдасаги цIикIкIун команда. Гьезда гьоркьоб букIана ДРОО "Казбек районалъул г1олилал" г1уц1иялъул **«Салатавия»** командаги. Къецал тIоритIулезул мурадлъун букIана - гIолилазда гьоркьоб гьудул-гьалмагълъиялъулгун вацлъиялъулал бухьенал щулалъизари, диналъул ва законалъул бихьизабиялда рекъараб хьвада-чIвадиялде гьел цIайи, спорталде рокьи бижизаби ва гь.ц.

Спорталъул цо чанго батIи-батIиял къагIидабаздасан гIуцIарал гьел къецазда (чIорбутI, нусал речIи, гIужде кьвагьи, жалго ругел бакI лъазаби, тIоцебесеб медицинаялъулаб кумек гьаби, диналда хурхарал суалазе жавабал лъай, хеч рехи, квар цIаялъул къец ва гь.ц.). ТIоцебесеб бакIалъе гьениб мустахIикълъана **«Салатавия»** команда ва гьелъие щвана кубок, командаялде гьоркьоре унел г1олилазе абуни,- медалалгун грамотаби. Къецал тIоритIиялъе квербакъана **«Гъизилюрт районалъул гIолилал»** гIуцIиялъ.

***Информагентство «Салатавия»***

# Х1урматиял газета ц1алулел!



Байбихьана 2018 соналъул к1иабилеб бащдаб лъаг1алие **«Чапар»** газета хъваялъул кампания. Ниж рохаралги ч1ух1аралги руго нуж нилъер газета хъвалеллъун ва ц1алулеллъун рук1иналдаса. Нужеца нижехъе рач1унел кагътал ц1алулаго, нужер ишал нухда унел гьеч1они, нижер рак1азулъе пашманлъи, рах1атхвей рещт1уна, гьез лъик1ал х1асилал нужее кьолел ругони, ниж рохула. Нужер лъик1ал макъалаби, куч1дул ва цогидалги материалал, архивалда гурелги, нижеца ц1унула рак1азулъги, т1ад-т1адруссун, ц1алула ва ккаралъур нижеца гьезулъа цо-цо рехсеял, х1ужаби ва гь.ц. х1алт1изарула, гьединго, х1аракат бахъула нужер бадибч1ваял ва гьариял х1исабалде росизе. Нуж гьеч1они, нижер х1алт1и цебехунги унаро.

Г1акълучилъун гуребги, **«Чапар»** ккола цогидазе сайгъат гьабизе бегьулеблъунги. Ц1алдезе бокьулел г1ага-г1унт1аразе, рес рекъеч1езе хъвани, гьеб ккола, нужер рахъалдасан, гьезие гьабураб лъик1аб сайгъатлъун.

Кида газеталъул гьурмазде ралагьаниги, нужеда гьенир ратизе руго рак1ал т1аде ц1алел макъалабиги х1ажатаб информацияги.

Гьединго, гьенир нужеда ратила лъималазе, г1олилазе ва ригь аразе малъа-хъваял, абиял, абундачал ва тарихиял баянал.

**«Чапар»** хъвани, нуж лъугьина нижер гьит1инаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун.

Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

**Багьа-286 гъурущ.**

***Х1урматгун «Чапар» газеталъул коллектив.***

Бетlерав редактор: Мухтар Гlалиевич Чупалаев тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь: Мухlамад-Шарип Гlабдулашимов тел: 55-48-95

Мухбирзаби: Хlалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Сапият Султанмухlамадова
Фотомухбир: Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо Хlайбаева
Верстка: Марьям Атавхlажиева, Зайнаб Гlабдулмуслимова.
Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141, Саид-Афандил къват1,2
Индекс: 51354
Заказ №64 Тираж 1271
Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола